



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 16 MILYON DOLA POU REYABILITE PON LONG ISLAND YO**

*Pwojè yo Ap Pwoteje Sekirite Piblik epi Sipòte Kwasans Ekonomik nan Long Island*

*Etap En (1) nan Inisyativ 1 Milya Dola BRIDGE NY la*

*Yon Pati nan Plan ki Gen Kapital 21.1 Milya Dola sou Plizyè Ane pou Modènize Wout ak Pon Atravè New York yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a genyen 16.5 milyon dola pou reyabilite epi ranplase de pon nan Long Island. Finansman sa a, ke y ap bay atravè Etap En (1) Inisyativ BRIDGE NY Gouvènè a, fè pati yon plan ki gen yon kapital 21.1 milya dola sou plizyè ane pou modènize plizyè wout, pon, ak lòt enfrastrikti ki enpòtan, atravè Eta New York.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Enfrastrikti se kle pwosperite nou, e atravè pwogram sa, n ap founi finansman bay gouvènman lokal yo nan chak kwen eta sa a pou ede asire ke pon yo rete fyab, solid, epi an mezi pou reponn a demand jenerasyon aktyèl la ak jenerasyon demen yo nan New York. Sa se yon lòt etap pou rive gen yon New York ki pi an sekirite, pi djanm e pi asire pou tout moun.”

Pwogram BRIDGE NY la mete aksan sou pwojè ki reponn ak movèz kondisyon estiktirèl yo; li diminye restriksyon ki lye ak pwa oswa detou ki long yo; li fasilite devlopman ekonomik oubyen ogmante konpetitivite; epi/oubyen li redui risk inondasyon. Se Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) ki administre li.

Yo te chwazi pwojè y ap finanse yo grasa yon pwosesis konpetitif ki te evalye rezilyans chak estrikti; kondisyon estiktirèl aktyèl yo; epi gwosè ak enpòtan pon an, tankou kantite trafik, konsiderasyon sou detou, kantite ak kalite biznis ki jwenn sèvis; epi enpak sou komès. Pwojè Long Island yo se:

- 11.5 milyon dola bay Konte Suffolk pou Horse Block Road sou Long Island Avenue
- 5 milyon dola bay Konte Nassau pou Merrick Road sou Milburn Creek

**Delege Ministè Transpò a, Matthew J. Driscoll te di:** “Se yon bagay ki enpòtan anpil, pou n kenbe pon nou yo an sekirite. Finansman BRIDGE NY sa pou pon ak kanivo lokal yo montre angajman Gouvènè Cuomo pou fè tout sa ki nesèsè pou pwoteje sekirite piblik la epi kontinye fè ekonomi lokal atravè Eta New York yo pwogrese.”

Pwogram 1 milya dola BRIDGE NY la, ke yo te anonse nan Bidjè FY 2017 Gouvènè Cuomo pou Eta a, ap ranplase, reyabilite, epi mentni pon lokal epi vital eta a pou amelyore sekirite ak kwasans ekonomik ki enpòtan anpil. Mwatye nan lajan an ap depanse nan pon ki pou eta a yo, alòske lòt mwatye a ap al jwenn minisipalite yo pou pwojè lokal ki enpòtan yo.

Finansman BRIDGE NY la disponib pou tout minisipalite ki otorize pou resevwa epi jere finansman Eta ak finansman federal la pou transpò. Aplikasyon pou sibvansyon nan premye etap finansman an te fini nan sezon otòn ki pase a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418